

Kont lekòl NYC

Rezime

Kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA) se yon aplikasyon sou entènèt ki fè w wè enfòmasyon akademik ak byografik pitit ou sou nenpòt konpitè, telefòn oswa tablèt. Yo tradui aplikasyon an nan nèf lòt lang apa lang anglè. Non sèlman ou ka suiv pwosesis akademik pitit ou, men ou ka tou gade resous akademik pou sipòte elèv ak fanmi w.

MyStudent

Suiv enfòmasyon sou elèv ou a tankou:

- Prezans
- Nòt klas ak kanè
- Egzamen (nòt egzamen)
- Enfòmasyon sou moun pou yo kontakte nan
- ka ijans
- Mwayen transpò
- Pwogram edikasyon endividyèl (IEP)
- Fòm dijital, ladan fòm konsantman pou Tès COVID-19

Inivèsite paran (Parent University)

Parent University ofri yon katalog kou, aktivite andirèk, ak aktivite santralize pou ede w konekte avèk fanmi ak pou sipòte elèv.

Pòtal pou rapòte bullying

Rapòte ensidan bullying nan lekòl elèv ou a travè aplikasyon NYCSA.

Kòman mwen ka kreye yon kont lekòl NYC?

Gen twa fason ou ka kreye yon kont lekòl NYCSA. Ou ka ale swa anpèsòn nan lekòl pitit ou a pou resevwa yon modpas tanporè, kontakte lekòl ou a ak verifye idantite w a travè telekonferans ak resevwa yon modpas tanporè, oswa ou ka itilize Kòd kreyasyon kont lan ki nan lèt pitit ou a pote lakay la.

Anpèsòn oswa sou entènèt

1. Fikse yon randevou avèk lekòl pitit ou a.
2. Bay yon ID foto ki valab (pa egzanp, paspò w, lisans chofè w, IDNYC), adrès imèl ou, ak ID elèv la ki gen 9 karaktè a, ou ka jwenn li nan kanè li. Si se a travè telekonferans, lekòl la pral verifye idantite paran/responsab oswa elèv ki elijib la avèk vwa oswa vizaj.
3. Lè w kreye kont lan nan lekòl ou a oswa nan telekonferans, w ap resevwa swa anpèsòn swa pa imèl, yon resi avèk yon modpas tanporè ki enprime sou li.
4. Ale sou <https://schoolsaccount.nyc> epi antre adrès imèl ou ak modpas tanporè an. Tanpri sonje modpas tanporè a ap ekspire nan 30 jou. Y ap mande w pou kreye yon nouvo modpas pou kont ou an, chwazi kesyon sekirite yo ak valide adrès imèl ou a.

Self-Serve

W ap bezwen Kòd kreyasyon kont ki nan lèt pitit ou a te pote lakay ou a. Ou ka mande lèt la tou nan lekòl pitit ou a. W ap bezwen kòd sa a ak nimewo idantite elèv 9 karaktè pitit ou a pou kreye yon kont lekòl NYC oswa pou ajoute non lòt timoun nan kont ou te deja genyen an.

1. Ale nan <https://schoolsaccount.nyc> epi chwazi lyen “Kreye kont” lan ou jwenn nan paj login lan.
2. Mete non w, adrès imèl ou ak nimewo telefòn ou pou kòmanse resevwa avi. Ou ka kreye yon kont debaz san yon kòd kreyasyon kont, men pou konekte elèv ou a nan kont lan, w ap bezwen kòd la.
3. Chwazi “Validate Email” apre ou fin mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w. Kite paj sa a ouvri.
4. Ouvri imèl ou pou w pran nimewo konfimasyon an. Mete nimewo a nan paj “Validate Email” la.
5. Kontinye pou kreye modpas ou a.
6. Kontinye pou kreye kesyon sekirite kont ou an.
7. Tape kòd inik pou kreyasyon kont lan, ki se pa w ak pa pitit ou a sèlman.

Ki enfòmasyon mwen pral gen aksè ladan yo?

Chak adilt ki asosye avèk dosye pitit ou a gen yon wòl swa kòm responsab (Custodial), pa responsab (non-custodial), oswa kòm itilizatè anplis. Wòl sa yo montre ki kantite enfòmasyon pitit ou a yo ka wè nan MyStudent. Wòl tout moun k ap itilize gen aksè avèk Parent University ak Bullying Portal a.

- Kòm yon itilizatè responsab yo ka wè tout enfòmasyon ki disponib nan NYC Schools Account pitit ou a. Epi tou, ou ka envite lòt adilt pou wè enfòmasyon pitit ou a. Anplis, moun ki gen aksè nan kont lan kapab mete ajou enfòmasyon sou adilt pou kontakte nan ka ijans nan dosye elèv la nan aplikasyon an dirèkteman.
- Kòm yon itilizatè ki pa responsab, ou ka wè pifò enfòmasyon nan Kont lekòl NYC pitit ou a. Moun ki gen aksè nan kont lan men ki pa responsab kapab mete nimewo telefòn yo ajou nan aplikasyon pou ka ijans.
- Kòm yon itilizatè anplis, ou ka wè enfòmasyon moun ki gen gad legal timoun lan pataje avèk ou.

Ki kote mwen ka jwenn èd pou Kont lekòl NYC a?

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon konsènan jan pou navige nan kont ou an, kontakte lekòl pitit ou a oswa telefòn 311. Ou ka aprann plis enfòmasyon lè w ale nan pajwèb Kont lekòl NYC nan <https://www.schools.nyc.gov/nycsa>.

Kòman mwen ka mete enfòmasyon sou moun pou kontakte pou ijans yo ajou?

Si w se yon paran ki abite avèk pitit ou, oswa yon responsab, ou ka mete pwòp nimewo telefòn kay, selilè, ak travay ou ansanm avèk adrès imèl ou ajou pou pwòp tèt ou oswa pou lòt adilt anplis nan dosye pitit ou a nan Kont Lekòl Vil Nouyòk ou a, lè w itilize paj Kontak pou ka ijans lan. Ou gen tou opsyon pou mete lang ou prefere pale oswa ekri a ajou. Ou ka mete ajou tou enfòmasyon sante pitit ou a pou pataje avèk lekòl pitit ou ye a. Sa a gen ladan non doktè pitit ou a ak nimewo telefòn, nenpòt dyagnostik alèji, limitasyon ki ka redui aktivite fizik li, ak estati asirans li.

Si w bezwen mete ajou adrès kay ou, mete ajou frè/sè nan dosye pitit ou a oswa mete ajou enfòmasyon lòd pou pwoteksyon, ou ka kontakte lekòl ou a dirèkteman pou fè chanjman yo.

Kòman mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou pòtal bullying lan?

Si w bezwen plis asistans pou itilize pòtal bullying lan oswa lòt resous anplis pou ede w frennen diskriminasyon, ale sou pajwèb *Respe pou Tout Moun: Ankouraje pratik anti-bullying* : <https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/respect-for-all>.